Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması

*Járiyalanıw sánesi: 27.07.2026 j.*

**PRESS-RELIZ**
*QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDA Demografiyalıq jaǵday*

# Qaraqalpaqstan Respublikasınıń demografiyalıq jaǵdayı

*2026-jıldıń yanvar-iyun ayları ushın*

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2025-jıl 7-oktyabrdegi "Ózbekstan Respublikasında xalıq hám awıl xojalıǵın dizimge alıw ilajın ótkeriw is-ilajları haqqında"ǵı 629-sanlı qararına muwapıq, xalıq hám awıl xojalıǵın dizimge alıwdıń juwmaqlawshı nátiyjeleri 2027-jıl 1-iyulge shekem tayarlanıwı belgilengen.

Xalıqtı dizimge alıwdıń juwmaqlawshı nátiyjeleri rásmiy járiyalanǵannan keyin turaqlı xalıq sanı belgilengen tártipte, dizimge alıw nátiyjeleri tiykarında járiyalanadı.

Usı múnásibet penen 2026-jıl 1-iyul jaǵdayına demografiyalıq kórsetkishler Ádillik ministrligi hám Ishki isler ministrliginiń maǵlıwmatlar integraciyası boyınsha qáliplestirildi.

I. Tiykarǵı demografiyalıq kórsetkishler
II. Turaqlı xalıq sanı
III. Tuwılǵanlar hám qaytıs bolǵanlar
IV. Dúzilgen nekeler hám nekeden ajırasıwlar
V. Xalıq migraciyası
VI. Demografiyalıq kórsetkishlerdiń metodikaliq tusindirmeleri hám metama’lumotlar

## I. Tiykarǵı demografiyalıq kórsetkishler

2026-jıldıń 1-iyul jaǵdayına Qaraqalpaqstan Respublikasınıń turaqlı xalıq sanı 2 061,5 mıń adamdı qurap, ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 1,0 % ke kóbeydi. 2026-jıldıń yanvar-iyun aylarında tuwılǵanlar sanı 15,9 mıń adamdı, qaytıs bolǵanlar 5,3 mıń adamdı qurap, tábiyǵıy ósim 10,6 mıń adamǵa teń boldı. Mámleketimizge sırt ellerden kóship kelgenler sanı 115 adamdı hám mámleketten sırt ellerge kóship ketkenler sanı 1 899 adamdı, dizimge alınǵan nekeler 5,0 mıń birlikti, nekeden ajırasıwlar 1,0 mıń birlikti quradı.

| | | |
|---|---|---|
| **Turaqlı xalıq sanı** | **2 061,5** | *mıń adam* |
| **Tuwılǵanlar sanı** | **15,9** | *mıń adam* |
| **Qaytıs bolǵanlar sanı** | **5,3** | *mıń adam* |
| **Sırt ellerden kóship kelgenler** | **115** | *adam* |
| **Sırt ellerge kóship ketkenler** | **1 899** | *adam* |
| **Dúzilgen nekeler sanı** | **5,0** | *mıń birlik* |
| **Nekeden ajırasıwlar sanı** | **1,0** | *mıń birlik* |

***Demografiyalıq jaǵday***

## II. Turaqlı xalıq sanı

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń turaqlı xalıq sanı 2026-jıldıń 1-iyul jaǵdayına 2 061,5 mıń adamdı qurap, ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 20,8 mıń adamǵa yaǵnıy 1,0 % ke kóbeydi. Sonnan, qalalıq jerlerdegi xalıq sanı 1 002,6 mıń adamdı (jámi xalıq sanındaǵı úlesi 48,6 %), awıllıq jerlerdegi xalıq sanı 1 058,9 mıń adamdı (51,4 %) mıń adamdı, hayallar sanı 1 025,7 mıń adamdı (49,8 %), erkekler sanı 1 035,8 mıń adamdı (50,2 %) quradı.

**Turaqlı xalıq sanı**
*(1- iyul jaǵdayına mıń adam)*

| | 2025-jıl | 2026-jıl | Ósiw páti, % te |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **2 040,7** | **2 061,5** | **101,0** |
| Nókis qalası | 347,2 | 351,5 | 101,2 |
| *rayonlar:* | | | |
| Ámiwdárya | 217,0 | 219,9 | 101,3 |
| Beruniy | 210,6 | 213,9 | 101,6 |
| Bozataw | 21,8 | 21,8 | 100,0 |
| Qaraózek | 54,7 | 54,7 | 100,0 |
| Kegeyli | 75,6 | 76,0 | 100,5 |
| Qońırat | 137,8 | 138,7 | 100,7 |
| Qanlıkól | 54,6 | 54,9 | 100,5 |
| Moynaq | 34,0 | 34,2 | 100,6 |
| Nókis | 55,5 | 56,4 | 101,6 |
| Taqıyatas | 77,7 | 77,9 | 100,3 |
| Taxtakópir | 38,9 | 38,9 | 100,0 |
| Tórtkúl | 234,1 | 237,3 | 101,4 |
| Xojeli | 130,6 | 131,7 | 100,8 |
| Shımbay | 116,8 | 117,0 | 100,2 |
| Shomanay | 58,6 | 58,7 | 100,2 |
| Ellikqala | 175,2 | 178,0 | 101,6 |

Qaraqalpaqstan Respublikasında 2026-jıldıń 1-iyul jaǵdayına 1 kvadrat kilometrge ortasha 12,4 adam tuwrı kelgen. (2025-jıl 1-iyul jaǵdayına 1 kv.km.ge 12,3 adam).

**Xalıq tığızlığı**




## III. Tuwılğanlar hám qaytıs bolğanlar

Qaraqalpaqstan Respublikasında 2026-jıldıń yanvar-iyun aylarında dizimge alinğan tiri tuwılğanlar sanı 15,9 mıń adamdı, hár mıń xalıqqa salıstırğanda tuwılıw koefficienti 15,6 promilleni quradı. Tuwılğanlar sanı 2026-jıldıń yanvar-iyun aylarında 2025-jıldıń usı dáwirine salıstırğanda 2,1 mıń adamğa kemeygen.

Qaytıs bolğanlar sanı 5,3 mıń adamdı, hár mıń xalıqqa salıstırğanda qaytıs bolğanlar koefficienti 5,2 promilleni quradı. Qaytıs bolğanlar 2025-jıldıń usı dáwirine salıstırğanda 0,3 adamğa kóbeygen.

**Tuwılğanlar hám qaytıs bolğanlar sanı, mıń adam**




Qaraqalpaqstan Respublikasıda tiri tuwılğanlar sanı 15,9 mıń adamdı, sonnan ul balalar sanı 8,2 mıń adamdı (jámi tuwılğanlar sanı salıstırğanda 51,6 %), qız balalar sanı 7,7 mıń adamdı (48,4 %) quradı.

Qaraqalpaqstan Respublikasında qaytıs bolğanlar sanı 5,3 mıń adamdı, sonnan erkekler 3,0 mıń adamdı (jámi qaytıs bolğanlar sanına salıstırğanda 56,6 %), hayallar 2,3 mıń adamdı (43,4 %) quradı.

**Tuwılǵanlar hám qaytıs bolǵanlar jınısı boyınsha bólistiriliwi**
*mıń adam*




## IV. Dúzilgen nekeler hám nekeden ajırasıwlar sanı

Qaraqalpaqstan Respublikasında 2026-jıldıń yanvar-iyun aylarında dizimge alinǵan dúzilgen nekeler sanı 5,0 mıń birlik, hár mıń xalıqqa salıstırǵanda neke dúziw koefficienti 4,9 promilleni quradı. Nekeler sanı usı jıldıń yanvar-iyun aylarında 2025-jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 0,7 mıń birlikke kemeygen.

Nekeden ajırasıwlar sanı 1,0 mıń birlik, hár mıń xalıqqa salıstırǵanda nekeden ajırasıwlar koefficienti 1,0 promilleni quradı. Nekeden ajırasıwlar sanı usı jıldıń yanvar-iyun aylarında 2025-jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 0,1 mıń birlikke kóbeygen.

**Dúzilgen nekeler hám nekeden ajırasıwlar sanı, mıń birlik**



Qaraqalpaqstan Respublikasında dúzilgen nekeler sanı 5,0 mıń birlikti, sonnan qalalıq jerlerde 2,2 mıń birlikti (44,0 %), awıllıq jerlerde 2,8 mıń birlikti (56,0 %) quradı.

Qaraqalpaqstan Respublikasında nekeden ajırasıwlar sanı 1,0 mıń birlikti, sonnan qalalıq jerlerde 0,6 mıń birlikti (60,0 %), awıllıq jerlerde 0,4 mıń birlikti (40,0 %) quradı.

**Dúzilgen nekeler hám nekeden ajırasıwlardıń jasaw jerleri boyınsha bólistiriliwi,** *mıń birlik*




## V. Xalıqtıń migraciyası

2026-jıldıń yanvar-iyun aylarında Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha turaqlı jasaw maqsetinde kóship kelgenler 8 094 adamdı, sonnan respublikanıń basqa aymaqlarınan kóship kelgenler 7 979 adamdı, sırt ellerden kóship kelgenler sanı 115 adamdı quradı.

Kóship ketkenler sanı jámi 10 331 adamdı, sonnan respublikanıń basqa aymaqlarına kóship ketkenler 8 432 adamdı, sırt ellerge kóship ketkenler sanı 1 899 adamdı quradı.

## Kóship kelgenler sanı hám kóship ketkenler sanı, adam

| | Kóship kelgenler sanı | | | Kóship ketkenler sanı | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | Jámi | sonnan: ishki | sonnan: sırtqı | Jámi | sonnan: ishki | sonnan: sırtqı |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **8 094** | **7 979** | **115** | **10 331** | **8 432** | **1899** |
| Nókis qalası | 3 053 | 3 038 | 15 | 2 453 | 2 068 | 385 |
| *rayonlar:* | | | | | | |
| Ámiwdárya | 348 | 340 | 8 | 646 | 572 | 74 |
| Beruniy | 373 | 373 | 0 | 578 | 519 | 59 |
| Bozataw | 75 | 70 | 5 | 161 | 136 | 25 |
| Qaraózek | 178 | 178 | 0 | 402 | 347 | 55 |
| Kegeyli | 313 | 298 | 15 | 567 | 483 | 84 |
| Qońırat | 306 | 296 | 10 | 620 | 411 | 209 |
| Qanlıkól | 232 | 232 | 0 | 378 | 339 | 39 |
| Moynaq | 121 | 119 | 2 | 219 | 163 | 56 |
| Nókis | 721 | 715 | 6 | 531 | 474 | 57 |
| Taqıyatas | 278 | 277 | 1 | 394 | 271 | 123 |
| Taxtakópir | 114 | 113 | 1 | 300 | 194 | 106 |
| Tórtkúl | 403 | 399 | 4 | 535 | 489 | 46 |
| Xojeli | 586 | 557 | 29 | 775 | 518 | 257 |
| Shımbay | 362 | 344 | 18 | 921 | 699 | 222 |
| Shomanay | 191 | 191 | 0 | 384 | 350 | 34 |
| Ellikqala | 440 | 439 | 1 | 467 | 399 | 68 |

## Sırt el mámleketlerinen kóship kelgenler hám sırt el mámleketlerine kóship ketkenler sanı, adam



## VII. Metamaǵlıwmatlar

**Turaqlı xalıq** - dizimnen ótkerilip atırǵan waqıtta arnawlı bir xalıq punkti yamasa aymaqta turaqlı jasap atırǵan xalıqtan ibarat bolıp, buǵan bul aymaqta turaqlı dizimde turıp, bıraq waqtınsha jasamaytuǵın xalıq da kiritiledi.

**Qala xalqı** - qala aymaqlarında, yaǵnıy normativ hújjetler menen qalalar, qalashalar retinde belgilengen xalıq punktlerinde jasawshı xalıq.

**Tuwılıw** - tuwılıw processleriniń júz beriwi hám basqa qásiyetlerin xarakteristikalaytuǵın kórsetkish.

**1000 xalıqqa salıstırǵanda tuwılıw koefficienti** - esabat jılında jámi tuwılganlar (tiri) sanın esabat dáwirindegi turaqlı xalıqtıń ortasha sanına bólıp, 1000 ǵa kóbeytiw arqalı esaplanadı.

**1000 xalıqqa salıstırǵanda ólim koefficienti -** esabat jılında jámi ólgenler sanın esabat jılıdaǵı turaqlı xalıqtıń ortasha sanına bólıp, 1000 ǵa kóbeytiw arqalı esaplanadı.

**Neke -** er adam hám hayal arasındaǵı, olardıń bir-birlerine hám perzentlerine salıstırǵanda huqıq hám minnetlemelerin belgilep beretuǵın óz-ara qatnasları forması. Er hám hayal arasındaǵı yuridikalıq qatnaslar puqaralıq jaǵdayı aktların jazıw (PHAJ) shólkemlerinde nekelerin dizimnen ótkeriw nátiyjesinde ornatıladı.

**1000 xalıqqa salıstırǵanda nekeler koefficienti -** esapbat jılında dúzilgen nekeler sanın turaqlı xalıqtıń ortasha sanına bólıp, 1000 ǵa kóbeytiw arqalı esaplanadı.

**Nekeden ajırasıw (nekeni bıykarlaw )** – er hám hayallardıń turmısı dawamında, tárepler ushın qayta neke huqıqın beretuǵın, nekelerdiń tolıq yuridikalıq toqtatılıwı, neke PHAJ yamasa sud shólkemlerinde ajırasıwdı dizimnen ótkerilgeninen keyin biykar etilgen esaplanadı.

**1000 xalıqqa salıstırǵanda nekeden ajırasıw koefficienti -** esabat jılında nekeden ajırasıwlar sanın turaqlı xalıqtıń ortasha sanına bólıp, 1000 ǵa kóbeytiw arqalı esaplanadı.

**Kóship kelgenler sanı** - kóship kelgenlerdiń absolyut muǵdarı, yaǵnıy arnawlı bir aymaqqa onıń sırtınan kóship kelgenlerden ibarat. Ishki isler organları tárepinen xalıqtı jasaw jayı boyınsha dizimge alıwda dúziletuǵın statistikalıq esapqa alıw sorawnamaların qayta islew nátiyjesinde kóship keliw.

**Kóship ketkenler sanı** - kóship ketkenlerdiń absolyut muǵdarı, yaǵnıy belgili bir aymaqqa onıń sırtınan kóship ketkenler ibarat. Ishki ishlar organlari tárepinen xalıqtı jasaw jayı boyınsha dizimge alıwda dúziletuǵın statistikalıq esapqa alıw sorawnamaların qayta islew nátiyjesinde kóship ketiw.

| **Tayarlaw ushın juwapker:** | **orınlawshı:** | **Manzil:** |
| --- | --- | --- |
| Demografiya, mehnat va gender statistiaksı bólimi | A. Mamutova<br>Tel: 61 222-76-57<br>(9570) | 230103, Nókis,<br>A. Dosnazarov ko'shesi,<br>97 a-úy **Pochta**: info@qrstat.uz |